

# Medikaman pou Pran pou Pa Gen Malarya Pandan W ap Vwayaje Mefloquine

## Kisa mefloquine ye?

Mefloquine (ki rele kloridrat mefloquine tou) se yon medikaman kont malarya. Li disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Li disponib kòm yon medikaman jenerik epitou yo konn vann li sou non mak komèsyal Lariam. Li disponib an grenn baz 228mg (sèl 250mg).

Grenn baz 228mg se menm ak grenn sèl 250mg. Se senpleman de (2) fason diferan pou dekri menm bagay la.

Doktè kapab preskri mefloquine pou swa tretman oswa prevansyon malarya.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou fason pou itilize medikaman an pou pa pran enfeksyon maladi lè w ap vwayaje.



## Kimoun ki kapab pran mefloquine?

Doktè kapab preskri mefloquine pou adilt ak timoun tout laj. Fanm ansent kapab pran li san pwoblèm pandan tout trimès gwosès yo, epitou manman k ap bay tibebe yo tete kapab pran li san pwoblèm.

## Kimoun ki pa ta dwe pran mefloquine?

Moun ki gen pwoblèm sikyatrik tankou depresyon aktif, yon istwa depresyon ki fèk parèt, ki vini sitou avèk twoub gwo-gwo enkyetid, sikoz, eskizofreni, ak lòt gwo twoub sikyatrik pa ta dwe pran mefloquine.

Answit, moun ki gen twoub malkadi (epilepsi) ak sèten pwoblèm kè (batman kè ki pa regilye ak pwoblèm kondiksyon) pa ta dwe pran mefloquine.

## Kijan mwen ta dwe pran mefloquine?

Adilt ak timoun ta dwe pran yon dòz mefloquine pa semèn apati omwen 2 semèn anvan yo vwayaje pou ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya. Yo ta dwe pran yon dòz chak semèn pandan yo nan zòn nan, epi pandan 4 semèn youn-apre-lòt apre yo kite zòn nan.

Dòz chak semèn pou adilt yo se baz 228mg (sèl 250mg).

Doktè ou ta sipoze kalkile dòz kòrèk chak semèn nan pou pitit ou dapre gwosè timoun nan. Dòz timoun nan pa ta dwe depase dòz baz 228mg (sèl 250mg) adilt la pa semèn. Mefloquine gen yon gou ki anmè. Ou ka mete yon bagay ki dous nan dòz timoun yo, tankou yon kiyè siwo myèl oswa siwo chokola pou retire gou a.

## Ki kote mwen kapab achte mefloquine?

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Ou ta dwe jwenn medikaman yo nan yon famasi anvan ou vwayaje olye ou jwenn li nan peyi kote ou prale a. Gen risk si ou achte medikaman yo nan peyi etranje: medikaman yo kapab gen move kalite, yo kapab fo epitou yo kapab pa pwoteje ou kont malarya.

## Èske mefloquine ap reyaji avèk lòt medikaman mwen yo?

Kèk lòt medikaman kapab reyaji avèk mefloquine epi yo lakòz ou gen pwoblèm. Doktè ou responsab pou evalye lòt medikaman w ap pran yo pou asire youn pa reyaji kont lòt epitou pou asire yo pa reyaji kont mefloquine. Nan kèk ka, doktè ou kapab ajiste medikaman yo pou diminye reyaksyon yo nèt youn ak lòt. Ou kapab mande famasyon ou tou pou tcheke si medikaman yo ap reyaji youn ak lòt.

**Malarya se yon maladi grav ki kapab lakòz lanmò si li pa trete touswit. Moun pran maladi a akòz yon parazit ki kapab enfekte yon sèten kalite moustik ki manje imen.**


**Chak ane, doktè dekouvri apeprè 1,700 ka malarya nan Etazini. Prèske tout ka sa yo se sou vwayajè ki ale nan kèk kote nan lemond ki gen moun ki gen malarya.**

# Mefloquine

## Nan ki kote nan lemonn yo kapab itilize mefloquine pou prevansyon malarya sou vwayajè yo?

Ou kapab pran mefloquine nan pifò kote nan lemonn ki gen malarya. Li pa efikas ankò pou prevansyon maladi a nan Sidès Azi epitou vwayajè ki prale nan zòn sa a nan lemonn pa ta dwe pran li. Ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan kote ou prale nan vwayaj ou pou li kapab idantifye si medikaman kont malarya rekòmande kote w ap vwayaje a epitou ki kalite.

CDC ap kontinye swiv tout kote nan lemonn moun ap transmèt malarya epi ki gen medikaman kont malarya ki rekòmande pou itilize nan chak kote. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo avèk plan ki sou sitwèb CDC pou malarya: <http://www.cdc.gov/malaria/map/index.html>



## Ki efè segondè mefloquine ka lakòz?

Pifò moun pa gen efè segondè grav lè yo pran mefloquine. Men, pou moun ki gen efè segondè yo, yo kapab dezagreyab ak twomatik.

Mefloquine kapab lakòz vètij, difikilte pou dòmi, gwo-gwo enkyetid, vye rèv, ak twoub vizyèl. Nan ka ki ra, mefloquine kapab lakòz malkadi, depresyon ak sikoz. Lè ou gen efè segondè sa yo, yo kòmanse nan kèk premye dòz medikaman an. Moun ki gen enkyetid sou posiblite pou yo gen efè segondè sa yo pandan vwayaj yo ka chwazi pou kòmanse pran medikaman an twa (3) oswa plis semèn anvan yo vwayaje. Nan fason sa a, si yo gen efè segondè sa yo, yo kapab sispann pran medikaman an pou yo pran yon lòt kalite medikaman anvan yo kite lakay yo.

Mefloquine ka lakòz doulè lestomak, kèplen, ak vomisman tou. Efè segondè sa yo kapab diminye souvan si ou pran mefloquine avèk manje.

Mefloquine is elimine dousman nan kò a epi poutèt sa efè segondè yo ka kontinye pandan kèk semèn apre ou sispann pran medikaman an.

Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblije ou sispann pran medikaman kont malarya. Si ou pa kapab tolere medikaman kont malarya, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.

## Lòt konsiderasyon

- Bon chwa pou vwayaj ki pi long paske ou sèlman gen pou pran medikaman an yon fwa chak semèn.
- Anjeneral, moun ki pa t gen efè segondè nan mefloquine anvan, pa gen efè segondè lè yo pran medikaman an ankò.

## Konbyen tan mwen kapab pran mefloquine san risk?

CDC rekòmande limit tan sou kantite tan pou pran mefloquine pou prevansyon malarya.

## Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tcheke sitwèb CDC pou malarya nan <http://www.cdc.gov/malaria>

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sispèk ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: 770-488-7788 oswa 855-856-4713 gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, lè zòn lès).

Konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: 770-488-7100 epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

## Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen pwofesyonèl swen sante imedyatman.